

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kahirupan sosial bangsa Indonésia, kaasup di tatar Sunda, kungsi ngalaman sababaraha kali robah, ti mimiti jaman kolonial, perang kamerdékaan, sabada perang kamerdékaan, ordeu lama, ordeu baru, nepi ka jaman réformasi. Saéstuna, dina konsép kamekaran manusa mah kahirupan bangsa Indonésia téh geus dimimitian ti mangsa prasejarah mula. Parandéné kitu, patali jeung digunakeunana istilah *bangsa Indonésia* mah kahirupan masarakat Indonésia téh kacatetna dina mangsa kolonial tepi ka kiwari.

Unggal pajaman nu dihontal ku bangsa Indonésia téh miboga ciri jeung kaayaan séwang-séwang. Jaman kolonial idéntik jeung mangsa Walanda, Inggris, jeung Jepang ngajajah Indonésia dina taun 1800-an tepi ka awal taun 1900-an, tur kahirupan sagemblengna diatur ku bangsa nu ngajajah téa. Jaman perang kamerdékaan aya patalina jeung jaman kolonial, idéntik jeung tarékah bangsa Indonésia ngaleupaskeun dirina tina beungkeutan kolonialisme bangsa Walanda jeung Jepang. Jaman ordeu lama idéntik jeung mangsa awal kahirupan bangsa Indonésia salaku bangsa nu merdéka. Jaman ordeu baru idéntik jeung mangsa kahirupan bangsa Indonésia nu dimimitian ku kajadian baruntakna kalangan komunis dina taun 1965. Dina jaman ordeu baru, kahirupan bangsa Indonésia mimiti mekar luyu jeung nu dicita-citakeun dina mangsa perang kamerdékaan, ngan hanjakal bék dieuna ngalaman mundur ku mahabuna kagiatan korupsi,

kolusi, jeung népotisme (KKN). Tina mahabuna kagiatan korupsi, kolusi, népotisme, tur ditambahkan ku kasengkerna sawatara widang kahirupan dina jaman ordeu baru, ngalahirkeun jaman ordeu réformasi nu idéntik jeung mangsa atawa jaman *keterbukaan* dina sagala widang kahirupan.

Rupa-rupa aspék nu nyampak dina unggal pajamanan nu kaalaman ku bangsa Indonésia téh direkam salasahijina dina karya sastra winangun carita pondok (carpon). Sakumaha nurutkeun Rosidi dina bukuna *Kesusastraan Sunda Dewasa Ini* (1960), mimitina carita pondok dina sastra Sunda kacida dalitna jeung carita-carita lucu nu geus nyampak dina carita lisan masarakat Sunda. Sedengkeun dina buku *Kanjut Kundang* Rosidi (1963) nétélakeun yén carpon ogé raket patalina jeung panineungan, ngawawaas alam nu ngan kari wangwangan. Téma sarupa kitu téh kiwari leuwih dieuyeuban ku ngamangpaatkeun parobahan sosial nu kungsi kaalaman ku masarakat Sunda. Ieu parobahan dimangpaatkeun jadi kasang tukang nu euyeub ngabeunharan téma carpon dina basa Sunda.

Kalawan ngagunakeun istilah *mimesis*, Plato jeung Aristotélés matalikeun antara sastra jeung masarakatna salaku ‘eunteung’. Béh dieuna, sawatara ulikan sastra ngahasilkeun sawangan yén karya sastra dina tahapan nu tangtu mangrupa eksprési masarakat jeung mangrupa bagian tina hiji masarakat, didadasarkeun kana dalil karya sastra ditulis ku pangarang, nu éta pangarang téh mangrupa *a salient being*, mahluk nu ngalaman sénsasi-sénsasi dina kahirupan émpirik masarakatna. Ku éta hal, sastra diwangun ogé ku masarakatna, tur nyampak dina sistem jeung ajén-inajén nu dipibanda ku masarakatna. Wangun réaksi pangarang

kana kahirupan sabudeureunana diwujudkeun dina karya nu ngagambarkeun aspék-aspék kahirupan sabudeureun.

Minangka salahiji wangun karya sastra, carita pondok ogé dipangaruhan ku téma-téma kahirupan sabudeureun, kaasup pasualan-pasualan sosial politik. Contona, nurutkeun rédaksi majalah *Cupumanik* dina panganteur édisi husus paradeu carita pondok (Juli 2011), diterbitkeunana sajumlahing carpon dina ieu édisi téh minangka usaha pikeun ngeuyeuban téma carpon ku pasualan-pasualan kahirupan sosial politik sabada réformasi. Pasualan-pasualan dina kahirupan sosial politik mangsa réformasi téh euyeub pisan, nepi ka réa ajén-inajénna nu bisa diungkab.

Dina hasanah sastra Sunda réa ulikan, utamana winangun makalah, skripsi, jeung tésis di sawatara paguron luhur, nu ngaguar rupa-rupa perkara nu nyangkaruk dina carita pondok. Contona skripsi nu judulna “Bahan jeung Conto Modél Pangajaran Aprésiasi Carita Pondok Basa Sunda pikeun SMP” nu ditulis ku Eulis Héndrayani Saputra (JPBD IKIP Bandung, 1990), jeung “Ulikan Semiotik kana Kumpulan Carpon *Surat keur ka Sawarga Karangan Paguyuban Sastrawan Sunda Patrem*” nu ditulis ku Yessy Hermawati (JPBD UPI, 2006). Ulikan nu wangunna tésis contona beunang Darpan (SPs UPI, 2011) nu judulna “Généalogi Carita Pondok Sunda: Tilikan Postkolonial”. Sakumaha ébréh tina judulna, éta skripsi téh ngulik perkara unsur intrinsik pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di sakola jeung nalungtik unsur semiotik (lingistikna) nu nyangkaruk dina carita pondok. Sedengkeun Darpan mah ngulik jujutan istilah carita pondok jeung aspék-aspék nu mangaruanana dumasar kana perspektif

poskolonialisme. Ulikan nu patali jeung ajén-inajén kahirupan ogé kungsi dilaksanakeun dina skripsi Yayu Aisyah (JPBD UPI, 2008) nu judulna “Ajén Patriotis dina Kumpulan Carita Pondok *Oléh-Oléh Pertempuran Karangan Rukmana HS*: Ulikan Struktural Semiotik”. Tina judulna katitén yén ulikan museur kana maluruh sacara sémiotik ajén patriotis atawa kapahlawanan nu gelar tina kagiatan perang.

Ulikan perkara kahirupan sosial politik masarakat Sunda sakumaha nu nyampak dina carpon mah tacan kungsi dilaksanakeun. Dina ieu panalungtikan, ajén-inajén kahirupan sosial politik masarakat Sunda dina carpon téh dipedar. Puseur panitén ieu panalungtikan neueul kana perkara kahirupan sosial politik masarakat Sunda mangsa réformasi sakumaha nu ébréh dina carita pondok nu dimuat dina sawatara majalah basa Sunda jeung buku-buku kumpulan carpon nu dipedalkeun dina taun-taun sabada réformasi. Pikeun mikaweruh perkara éta hal kalawan leuwih jéntré jeung gembleng, diwewegan ku ulikan perkara aspék semiotik. Ngaliwatan pamarekan semiotik Pierce, tanda-tanda nu némbongkeun aspék sosial politik dina carpon téh dianalisis nepi ka bisa ngagambarkeun ajén-inajénna. Ku éta hal, ieu panalungtikan dilaksanakeun kalawan dijudulan “Ajén-Inajén Kahirupan Sosial Politik Mangsa Réformasi Masarakat Sunda dina Carita Pondok Manglé jeung Cupumanik”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah Panalungtikan

1.2.1 Watesan Masalah Panalungtikan

Sacara gurat badag, ieu panalungtikan neueul kana pasualan sosiologi sastra, mangrupa ulikan perkara kahirupan sosial anu nyangkaruk dina karya sastra.

Caca Danuwijaya, 2012

Ajén-Inajén Sosial Politik Mangsa Réformasi Masarakat Sunda Dina Carita Pondok Majalah *Manglé Jeung Cupumanik*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Pikeun maluruh kahirupan sosial politik masarakat Sunda sakumaha nu nyampak dina carpon, baris dipedar ngaliwatan studi sosiologi sastra nu diwewegan ku ulikan sémiotik Pierce. Pasualan sosial politik masarakat Sunda téh bisa ngawengku jaman kolonial, perang kamerdékaan, sabada perang kamerdékaan, ordeu lama, ordeu baru, nepi ka jaman réformasi. Sangkan teu lega teuing, pasualan anu baris ditalungtik téh diwatesanan, perkara kahirupan sosial politik masarakat Sunda dina jaman sabada réformasi. Patali jeung aspék semiotik, teu sakabéhna dianalisis, tapi dipuseurkeun kana tanda indéks.

1.2.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Dumasar kana watesan di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun sakumaha ieu di handap.

- (1) Kumaha struktur intrinsik nu ngawengku téma, palaku, jeung kasang tukang dina carpon nu gelar mangsa réformasi?
- (2) Tanda-tanda indéks naon baé anu némbongkeun ajén-inajén sosial politik masarakat Sunda dina carpon nu gelar mangsa réformasi?
- (3) Kumaha ajén-inajén kahirupan sosial politik masarakat Sunda dina mangsa reformasi anu nyampak dina carita pondok?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun:

- (1) ngadéskripsikeyun struktur intrinsik nu ngawengku nu ngawengku téma, palaku, jeung kasang tukang dina carpon nu gelar mangsa réformasi;
- (2) maluruh tanda anu sacara sémiotik némbongkeun ajén-inajén sosial politik masarakat Sunda dina carpon nu gelar mangsa réformasi; jeung
- (3) nétélakeun ajén-inajén kahirupan sosial politik masarakat Sunda dina mangsa reformasi anu nyampak dina carita pondok.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep mawa mangpaat sakumaha ieu di handap.

- 1) Pikeun sakumna masarakat Sunda, bisa digunakeun salaku wahana ngajembaran pangaweruh jeung sawangan hirupna, utamana dina mekarkeun sikep leuwih taliti jeung résponsif kana parobahan sosial dina kahirupan masarakatna.
- 2) Salaku bagian unsur budaya, déskripsi kahirupan sosial politik masarakat Sunda mangsa réformasi sakumaha nu nyampak dina carita pondok mangrupa bahan anu penting pikeun nyuprih ajén-inajén kamekaran kahirupan masarakat Sunda dina rupa-rupa widang;
- 3) Pikeun élmu sastra Sunda sorangan bisa dijadikeun dokuméntasi dina hirup-kumbuhna ngawarnaan kamekaran kahirupan masarakat Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Pikeun kaperluan praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun salaku alternatif bahan pangajaran dina mata pelajaran Muatan Lokal Basa jeung Sastra Sunda di sakola, pangpangna nu patali jeung ajén-inajén karya sastra katut hubunganana jeung sastra salaku eunteung kahirupan. Salian ti bisa dimangpaatkeun pikeun bahan pangajaran basa, sastra jeung budaya Sunda, ajén-inajén kahirupan sosial politik masarakat Sunda nu kaungkab dina ieu panalungtikan ogé bisa dimangpaatkeun pikeun ngeuyeuban bahan pangajaran dina mata pelajaran-mata pelajaran lianna. Mata pelajaran nu bisa ngamangpaatkeun hasil ieu panalungtikan di antarana mata pelajaran Bahasa Indonésia, Kewarganegaraan (PKn), jeung Ilmu Pengetahuan Sosial (IPS), utamana nu patali jeung pedaran perkara démokrasi, sistem tata nagara, jeung sistem sosial masarakat.

1.5 Wangenan Istilah

Sangkan écés, sawatara istilah nu aya patalina jeung judul ieu panalungtikan didéfiniskeun dumasar kana watesan-watesan sakumaha ieu di handap.

1) Ajén-inajén

Dina *Kamus Umum Basa Sunda* (2007: 18) ajén téh sarua jeung pangaji atawa harga. Salian ti éta, kecap ajén ogé dipapandékeun kana peunteun, sawanda jeung kecap *nilai* dina basa Indonésia. Istilah ajén-inajén sorangan sawanda jeung istilah *nilai-nilai* dina basa Indonésia atawa *values* dina basa Inggris, nu ngandung harti sajumlahing ajén atawa norma nu dijadikeun cecekelan hirup.

2) Kahirupan Sosial Politik

Dina ieu panalungtikan, istilah kahirupan sosial politik ngandung harti urusan kamasarakatan, katatanagaraan, jeung kawijaksanaan atawa cara-cara ngatur hirup kumbuh hiji masarakat nu tangtu.

3) Masarakat Sunda

Kecap Sunda nurutkeun RW Van Bemmelen (1949:1) dina Kebudayaan Sunda Edi S. Ekadjati. Sunda nyaéta hiji istilah anu digunakeun pikeun méré ngaran dataran luhur bagéan baratlaut wilayah India Timur, sedengkeun dataran bagéan tenggara disebut Sahul. Dataran Sunda diriung ku sistem Gunung Sunda anu panjangna kira-kira 7.000 km. Dina kamekaran lianna istilah Sunda digunakeun ogé dina konotasi manusa jeung kelompok manusa, nyaéta ku sebutan urang Sunda. Urang Sunda nyaéta anu ngaku dirina jeung diaku ku batur salaku urang Sunda (Ekadjati, 1987:1). Éta definisi didadasarkeun kana katurunan (hubungan darah) jeung dumasar sosial budaya. Nurutkeun krtiteria hiji, saurang atawa sakelompok manusa bisa disebut urang Sunda, upamana kolotna boh ti pihak bapa boh ti pihak indung atawa duanana, urang Sunda, dimana ogé maranéhna aya jeung digedékeun. Nurutkeun kriteria dua, urang Sunda nyaéta urang Sunda atawa sakelompok manusa anu digedékeun dina lingkungan sosial budaya Sunda jeung dina hirupna maham sarta ngamalkeun norma-norma jeung niléy-niléy budaya Sunda. Istilah Masarakat Sunda teu bisa dileupaskeun tina istilah *urang Sunda* atawa *Ki Sunda*. Nurutkeun Suryalaga (2010:69-72) nu disebut urang sunda téh dumasar kana 5 kategori. (1) *Sunda Subyektif*, nya éta jalma nu dumasar kana tinimbangan subyéktifna ngarasa

urang Sunda, mangka bisa disebut urang Sunda, kukturuna dina kahirupanana kudu ngalaksanakeun jeung ngagunakeun norma-norma atawa ajén-ajén kasundaan; (2) *Sunda Obyéktif*, nya éta saupama hiji jalma dianggap ku batur urang Sunda, mangka éta jalma geus sakuduna kudu nyunda atawa ngaaktualisasikeun anggapan kasebut. Ku cara ngalaksanakeun jeung ngagunakeun norma-norma atawa ajén-ajén kasundaan; (3) *Sunda genetik*, nya éta hiji jalma nu sacara genetik lahir ti kolotna Urang Sunda pituin; (4) *Sunda Sosiolultural*, saupama indung bapana atawa salasahijina lain urang Sunda pituin, tapi paripolah sapopoéna nyunda, mangka bisa disebut urang Sunda; jeung (5) *Sunda Geografis-Demografis*, nya éta sakur nu cicing di tatar Sunda sacara géografis (sacara administratif disebut provinsi Jawa Barat). Sedengkeun Sedengkeun nurutkeun Rosidi (2009: 1-15), manusa Sunda téh nya éta manusa nu hirupna neuleuman sarta ngalaksanakeun ajén-inajén budaya Sunda. Istilah *masarakat* sorangan ngandung harti hirup kumbuh, pakumbuhan, atawa tempat campur gaul. Dina ieu panalungtikan, istilah masarakat Sunda téh dihartikeun salaku pakumbuhan urang Sunda nu dina kahirupan sapopoéna ngalaksanakeun ajén-inajén sosiokultural Sunda.

4) Carita Pondok

Dina ieu panalungtikan, anu dimaksud carita pondok téh nyaéta wangun karya sastra Sunda anu ditulis dina wangun prosa naratif, caritana rélatif pondok, plotna museur kana hiji kajadian minangka épisodeu, sifatna réalistik jeung sugéstif.

1.6 Sistematika Organisasi Tésis

Hasil-hasil dina ieu panalungtikan disusun ngawengku lima bab kalawan struktur organisasi sakumaha ieu di handap.

Bab I: Bubuka

Mertélakeun perkara kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, wangenan istilah, jeung struktur organisasi tésis.

Bab II: Ulikan Tiori, Anggapan Dasar, jeung Raraga Mikir

Dina ieu bab didadarkeun:

- 1) sajumlahing konsép poko anu dijadikeun tatapakan pikeun analisis pasualan anu ditalungtik dumasar kana sajumlahing buku jeung bahan bacaan lianna salaku rujukan konsép jeung tiori:
 - Sosial Politik dina Jaman Réformasi
 - Carita Pondok
 - Semiotik
- 2) anggapan dasar nu digunakeun dina panalungtikan.
- 3) raraga mikir nu digunakeun dina panalungtikan.

Bab III: Métode Panalungtikan

Ieu bab mertélakeun perkara métode panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, nangtukeun data, instrumén panalungtikan, désain panalungtikan, jeung prosédur analisis data.

Bab IV: Ajén Sosial Politik Mangsa Réformasi dina Carpon

Dina ieu bab, didadarkeun hasil analisis data anu dijadikeun sampel dina ieu panalungtikan jeung pedaranana.

Bab V: Kacindekan jeung Saran

Dina ieu bab didadarkeun kacindekan tina hasil analisis anu dipedar dina bab saméméhna, jeung sawatara saran anu dianggap penting pikeun panalungtikan lianna.

